

Mission:

To protect, promote and improve the health of all people in Florida through integrated state, county, and community efforts.



Ron DeSantis
Governor

Joseph A. Ladapo, MD, PhD
State Surgeon General

Vision: To be the **Healthiest State** in the Nation

28 Daout, 2026

Ché Manb Kominoté Kolye Konti (Collier County):

Dépatman Santé Piblik ki nan Kolye konti (DOH-Collier) ap travay de tré prè ak tout oganizasyon kap bay swen lasante ansanm ak tout manb nan kominote-a pou yo identifie epi pou enfome tout moun ki te expoze a Lawoujl apre yo te finn dekouvri twa (3) Timoun kite gen Laroujol nan Immokali.

Tout moun ki malad ak lawoujòl oswa kite resevwa vaksen kont lawoujòl, malmouton, ak ribeyòl (MMR) pa ge okenn posibilite pou yo pran lawoujòl anko. lawoujòl se yon malady ke moun ka pran fasilman apeprè 90 pousan nan moun ki pat pran vaksen oswa ki pat gen maladi-a dejà ka pran li byen fasil.

Yo ka bay tibebe ki gen ant 6 a 11 mwa vaksen MMR la (vaksen kont lawoujòl, malmouton, ak ribeyòl) lè gen yon pi gwo risk pou yo ekspoze ak lawoujòl nan kominote yo, oubyen anvan yo voyaje nan lot peyi etranje. Timoun ki resevwa vaksen MMR la anvan yo gen 1 an (anvan premye fèt yo) oblije resevwa de lot dòz vaksen MMR, dapre kalandriye vaksen nòmal la.

Nap jwenn vaksen lawoujòl, malmouton, ak ribeyol (MMR) nan tout klinik doktè pou Timoun yo (Pedyat) oswa nan adrès sa (DOH-Collier, 419 North First St, Immokalee, FL. Phone: 239-252-73000.

Si ou gen yon Tibebe ki gen mwens ke yon lane (1 an) epi ki ta expoze ak lawoujòl, kontakte doktè li rapid, rapid pou yo ka konnen si yap bay vaksen MMR la ki fèt pou lè yon moun finn expoze a maladi-a oswa pou yo bay yon medikaman ki rele (immune globulin) kom prevansyon pou maladi-a pa devlope.

Nap ankouraje tout abitan nan zonn nan pou siveye si fanmy ta gen sentòm sa yo:

- Lafyèb
- Tous
- Nen kap koule
- Je wouj epi kap koule dlo
- Apre sa, si ou gen gratèl (bouton) ki soti nan figi ou anvan li gaye nan tout ko ou.

Tout moun ki gen sentòm lawoujòl dwe rete lakay yo, esepse si laprale nan kilnik doktè. Moun sa a pa dwe patisipe nan okenn aktivite sosyal jiskaske li geri nèt san li pa pran medikaman. **Si ou sispèk yon moun gen sentòm maladi lawoujòl, tanpri kontakte doktè ou anvan pou ale nan klinik oswa pou ale lopital.**

Si gen yon moun nan kay kote ou rete-a ki gen maladi lawoujòl, tout moun nan kay la expoze a maladi-a, yo fèt pou siveye tet yo pou we si yo pap devlope yonn nan sentòm nou sot site anlè-a.

